**Өзбекистан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрилиги**

**Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети**

**Тарийх ҳәм ҳуқық факультети**

# Тема: Жәмийетимизде диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гуресиў машқаласы

Орынлаған: **Жаңабаев Ж**

**Қабыллаған: Якубов М**

Нөкис – 2015

# Тема: Жәмийетимизде диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гуресиў машқаласы

Жоба

I. Кирисиў……………………………………………1

II. Тийкарғы бөлим…………………………………2

A) *Диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гуресиўдың әҳмийети…………..……………………….2*

B) *Диний экстремизм ҳәм терроризмның жәмийетимиз ушын қәўипи………………………………………….....*4

III. Жуўмақлаў……………………………………8

IV. Пайдаланылған әдебиятлар.

# Кирисиў

XXI әсир басына келип терроризм ҳәм диний экстремизмның адамзатқа қәўипи ҳәўиж алды. XXI әсир обасы болған усы иллетлерге қарсы дунья жузи жәмәәтшилигиның турақлы гуресин Өзбекстан толық ҳәм ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлайды. Терроризм машқаласы менен шуғылланыўшы экспертлердиң пикирне көре, ҳәзирги кунде дуньяда жузге жақын улкен-киши терроршылық шөлкемлер бар. Олар қопарыўшылық ҳәрекетлерин әмелге асырыўда таярлық көриўде қаржы менен тәминлеў ҳәм хабар алмасыў ушын өз-ара байланысты әмелге асырып турадылар. Егер олардың майда топарларын да есаплайтуғын болсақ, турли жөнелистеги бундай киши топарлар бес мыңға жақынласып қалады.

Соны айтып өтиў керек, терроризмге қарсы гуресиўде тек ғана адамларды гиреўге алатуғын, жарылатуғын ҳәм өлтиретуғын кимселерге қарсы гуресиў менен бул апаттың алдын алып болмайтуғынлығын тусинип жетиў зәрур. Президентимиз айтқанындай, турмыстың өзи көрсетип турыпты, ең алды менен усы бәле-қазаның бирлемши дереклерине қарсы гуресиў лазым.

Ислам динин сиясатқа айландырып атырған, жаўызлық ҳәм террошылық идеялогиясын жаратып атырған көплеген радикал ҳәм экстремистлик орайлардың биринши нәубетте жаслар санасын зәҳәрлеп, өспиримлерди манқуртқа айлантырып, олардан террошылар таярлаў бойынша конвейер пайда етип атырған, халифатлық дузиўдей турли қәте идеяларды әмелге асырыўға урынып атырған жаўыз кушлердиң тамырын қырқып таслаў ҳәм оларға қарсы кескин гурес алып барыў лазым.

Бул теманың мазмуны соннан ибарат, яғный терроризм ҳәм диний экстремизмның мәнис-мазмуны, оған қарсы гуресиўде ҳәзирги кунде мәмлекетимиз ҳәм дунья жәмәәтшилигинде қандай ис-ҳәрекетлер алып барылып атырғаны ҳаққында. Яғный бундай бузғыншы идеялардың мақсети, ҳәм не ушын бундай қопарыўшы шөлкемлердиң пайда болғанлығы ҳаққында.

# Диний экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гуресиўдың әҳмийети

Диний фундаментализм хәм экстремизм он мыңлап адамлардың набыт болыўына алып келип атырған террористлик ҳәрекетлердиң идеялық тийкары болып хызмет етпекте. Басқаша айтқанда, террористлик әмелияттың идеологиясы диний фундаментализм хәм экстремизм болмақта.

Экстремизм сөзи латынша «экстремус» - аса кетиўшилик сөзинен алынған болып, ол оғада бир тәреплеме аса кеткен көз қарасларға ҳәм илажларға берилгенликти аңлатады. Ол сол жәмийетлик дүзимде қабыл етилген социаллық сиясий, хуқықый нормаларға қарсы келсе де, өзи алдына қойған хәдден тыс мақсетлерке барлық жоллар менен умтылыўшылықты билдиреди, экстремизм көбинесе  сиясий, руўхый салаларда, сиясат жүргизиўде жүзеге шығады. Экстремизм бир тәреплеме адамларды туўры жолдан шетке шығаратуғын, реаль өмирге сай келмейтуғын шақырықлар арқалы сиясий системаны қыйратыўға, көпшилик мақул көрип атырған идеяларды хәм ой пикирлерди бийкарлаўға умтылады, өзлери белгилеген жәмийетлик дүзимниң хәм идеялардың орнаўы ушын зорлық, террорщылық, қорқытыў, алдаў хәм сол сыяқлы усыллардан пайдаланады.

Жәмийетте дин ҳәм диний көз-қараслар менен бирге дуньялық пикир, дуньялық турмыс тәрзиде бирге өмир сурип келген. Демек, өмирдиң мазмунын тусиниўге ҳәр турли, яғный диний яки дуньялық жандасыўлар бар болған.  Бырақ ҳәзирги кунде ислам дининиң ишинде кескин қарама-қарсылықлар бар. Ислам динин нықап етип алған, оның устинен устемлик кылыўға урынып атырған «Ал-Қаида» яки «Хизб-ут-тахрир» сыяқлы қопарыўшы, жаўыз кушлерге қарсы гуресиўде бар куш ҳәм имканиятын иске салып, ағартыўшы ислам динин угитлеў арқалыда жетискенликке ерисиў мумкин. Буның ушын биринши нәўбетте ҳәр бир ўатанласымыз, әсиресе жаслар тек ислам дини ҳаққында емес, ал дуньядағы бар болған ҳәмме динлер, олардың тарийхы, мәниси ҳаққында билимге ийе болыўлары лазым. Олар дин менен дуньялық мәмлекеттиң өз-ара мунәсибетин, олар ортасында турақлы байланыс болыўы зәрурлигин терең тусинип жетиўлери шәрт.

Халықара терроризм, диний экстремизм ҳәм радикализмның бузғыншы иллет екенлиги келешегимизге қәўпи ҳаққында төмендегилерди келтирип өтиў мумкин:

- терроризм демократияға, инсан ҳуқықлары ҳәм путкил тынышлық суйер инсаниятқа қарсы қаратыған қәўип есапланады. Ол турақсызлық ҳәм хаостан азықланады. Сол себепли терроршылық топарлары тыныш, турақлы улкелерде копарыўшылық ҳәрекетлерин әмелге асырыў, халықты қорқынышқа салыў арқалы турақсызлық ҳәм хаос келтирип шығарыўға урынадылар. Бул жағдайда ҳәр қандай бепәрўалық ямаса ҳәрекетсизлик, жеке мәплерге қарап ис тутыў терроризмге жол ашыў есапланады:

- терроризм, ваххабийлик ҳәм акромийлик адамзаттың демократия, инсан ҳуқықлары ҳәм диний исенимлеринен пайдаланып, муқаддес ислам дини нықабы астында жаўыз нийетлерин әмелге асырып атырғанлығы себепли оған қарсы гурес инсанлардың демократияны, динның мазмунын қаншелли дурыс тусиниўлерине ҳәм буның ушын олардың ҳәр куни тынымсыз ҳәрекет қылыўларына байланыслы;

- терроризм, ваххабийлик ҳәм акромийлик адамларға жаман тәсир етиўши идеялогиялық тийкарларды, өзиниң кушли угит-нәсиятлаў системасын жаратқан. Сол себепли терроризмди идеялогиялық тийкарлардан махрум етиў, бундай иллетлерге қарсы пухта ҳәм илимий тийкарланған узликсиз угит-нәсиятлаў системасын жаратыў объектив зәрурият;

- терроризм, ваххабийлик ҳәм акромийликтиң қаржы ҳәм шөлкемлестириў системаларын анықлаў ҳәм оларды сапластырыў жөнелисинде дунья жәмәәтшилиги әмелге асырып атырған саъй-ҳәрекетлерди қоллап-қуўатлаў, оларға көмеклесиў ҳәм оларды турақлы даўам еттириў лазым;

- терроршылық қайсы мақсетте, ким тәрепинен қайжерде қолланыўынан қатъй нәзер инсанлардың өмирине, ҳуқық ҳәм еркинликлерине қарсы қаратылады. Миллетлер, турли динге сыйыныўшы социаллық топарлар, ҳәттеки мәмлекетлер ортасында қарама-қарсылықлар келип шығыўына себеб болады.

# Диний экстремизм ҳәм терроризмның жәмийетимиз ушын қәўипи

Диний экстремизм оғада аса кеткен фанатикалық жол менен өз диниң ямаса диний сектасын нәсиятлаўға, оны басқалардың санасына енгизиў ушын гүресиў болады. Диний экстремизм басқа динлерди ямаса секталарды масқаралаўшылықта, жерге урыўшылықта, динди сиясатластырыўшылықта, динниң жәрдеминде жасап турған конституциялық мәмлекетти қулатып, оның орнына өзлериниң хәкимиятын орнатыўға умтылыўшылықта көринеди. Экстремизм барлық динлерге де тән қубылыс, бирақ XX әсир ақыры - XXI әсир бас гезинде бул хәдийсе ислам growinde айрықша көзге түспекте хәм хәр қыйлы қанлы ўақыяларға алып келмекте. Ислам экстремистлериниң пикиринше хәзирги заман мусылман жәмәәлери өзлериниң исламлық келбетин жоғалтқан хәм наданлық ҳалына келген. «Хақыйқый исламлық тәртип»лерди орнатыў ушын кескин агрессив хәрекетлерди әмелге асырыў зәрүр. Ислам экстремистлериниң буныңдай жаўызлыққа бағдарланған, террористлик хәрекетлерге шақырыўшы идеяларының негизи ваххабизм ағымына барып тақалады. Диний экстремистлик пикирлер Такийиддин ибн Таймия (1263-1328), Мухаммад ибн Абд әл Ўаххаб (1703-1797), Хасан әл-Банна (1906-1949), Саййид Қутб (1906-1965), Абдусаллом Фарраж хәм тағы басқалардың мийнетлеринде айқын жүзеге шығады. Мәселен, ибн Таймия ислам нызамларына толық әмел қылмай атырғанларға қарсы гүрес алып барыў, исламның тийкарғы шәртлерин орынламаған ямаса өзи басқарып атырған мәмлекетте оның бузылыўына мүмкиншилик берген хәкимге қарсы «жихад» жәриялаў шәрт деп есапланады. Әл-Банна «ислам мәмлекетин» дүзиў ушын ислам идеяларын адамлардың санасына сиңдириў, мужахидлерди таярлаў, оларға әскерий гүрес усылларын үйретиў, ақырында тек ғана исламий тәртиплерди орнатыў ушын шешиўши урысларға кирисиў режелерин ислеп шыққан. Оларды үш басқышта орынлаўдың жоллларын көркеткен. Саййид Қутб хәзирги исламий экстремизмниң талапларын кескин түрде баян еткен: “Өзин мусылман деп есаплаўшылардың көпшилиги хаслында мусылман емес хәм дуньядағы барлық мәмлекетлер исламға қарсы”, хәзирги заман мусылман жәмийетлери наданлық дәўириндеги

жағдайда турыпты, соның ушын оларды тәрбиялағаннан пайда жоқ, мәселени кең халық көтерилиси емес, керисинше үлкен болмаған «хақыйқый мусылманлар» жәмәәси баслап беретуғын пуқаралар урысы шешеди. Абдусаллом Фарраж армия хәм мәмлекеттиң қурамына өзиниң ўәкиллерин киритиў арқалы хәкимиятты қолға алыў, жәмийетти исламластырыў зәрүр деп есаплайды.

Өзбекстанның таңлап алған әдалатлы демократиялық, хуқықый, дуньялық мәмлекет қурыў жолы бир топар қара нийетли ишки хәм халық аралық күшлерге хәм орайларға жақпайды. Олар Өзбекстанды бул жолдан шетке шығарыў ушын XX әсирдиң ақыры  XXI әсирдиң бас гезинде хәр қыйлы жаўызлық илажларды әмелге асырыўға хәрекет етти, хәзирде бул қара нийетлеринен қайтқан  емес. Бул дәўирлерде ислам байрағы астында ҳәр қыйлы экстремистлик ағымлар, хәрекетлер хәм партиялар жасырын жоллар менен Өзбекстанға кирип келиўи хәм пуқаралардың әсиресе жаслардың санасын ийелеўге урынды. Булардың бир қаншасына қысқаша тоқтап өтемиз:

1. «Ислам ояныў партиясы».  1989-1991 жыллары хәрекет етип, ол диний фанатизмге берилген жәмәәтлер арасында пайда болды. Бүл партия ағзалары дуньялық хәкимият өзиниң барлық жумысын диншиллер менен муўапықластырып отырыўы, олардың алдына есап бериўи керек деп есаплаған хәм ең ақырында бирден бир мусылман мәмлекетин дүзиўди талап еткен. Бул партияның искерлиги Тажикстандағы тәртипсизликлерди хәм пуқаралар урысын келтирип шығарды.

2. «Өзбекстан ислам хәрекети». Ўаххабистлик идеядағы диний экстремистлик ағым болып, ол  1990-1992 жыллары искерлик көрсете баслаған. Уйымның басшысы өзин “Әмирал әл-муъминин” деп жәриялаған наманганлы Тахир Юлдашев. Ол Бен Ладенниң басшылығында ислеген террористлик шөлкемлердиң кеңеси - «Шуара» дағы Өзбекстандағы террористлик, экстремистлик күшлердиң ўәкили болған. «Өзбекстан ислам хәрекети» Талибан хәрекети, Усама бен Ладенниң «Ал - Каида», «хәрекет ул Ансар», «Ал - Жихад» хәм басқада халық аралық экстремистлик ағымлар менен тығыз байланысқан. Бул шөлкем өзиниң алдына  Өзбекстандағы жәмийетлик сиясий қатнасықларды турақсызландырыў, динлер хәм миллетлер ара жәнжеллерди, массалық тәртипсизликлерди, көшеге шығыўларды

шөлкемлестириўди, Өзбекстанның мәмлекетлик дүзимине «жихад» жәриялап конституциялық хүкиметти аўдарыўды мақсет етип қойған.

3. «Ислам лашкерлери», «Әдалат» топарлары. 1990-1992 жыллары Наманган областында «Атаўалийхан» жәмәәтшилик мешитинде Абдулла Утаев хәм Тахир Юлдашевлар басшылығында дүзилген. Олар хәр қайсысы 100 - 200 адамнан туратуғын 60 аслам топарлар еди. Олар тәртип, әдалат орнатамыз, жынаятшылыққа, парахорлыққа, бузықшылыққа қарсы гүресемиз деген байрақ астында бир неше жынаятлы ислерди әмелге асырды.

4. «Нур» ағымының тийкарын салыўшы Туркиялы Саид Нурсий болып, ол қурамалы философиялық ой пикирлер арқалы дуньялық мәмлекеттиң атайы душпаны болған диний ақыйдапарастлерди таярлаўды мақсет етип қойған.

5. «Хизб ат-тахрир ал-Исламия» (Ислам азатлық партиясы), 1952 жылы Палестиналық Такиаддин ән Нәбаханий (1909-1979) тәрепинен шөлкемлестирилген. Бул партия мақсети дуньялық көлемде ислам мәмлекетин дүзиў, яғный халифалықты қайтадан тиклеў болып есапланады. Бундай мәмлекеттиң диний исламий нызамларға тийкарланыўы, бир орайдан халиф тәрепинен басқарылыўы, ең ақырында пүткил дуньяның усы халифатқа биригиўи мақсет етип қойылады.

1996-1997 жыллар Андижанда пайда болған акрамийлар ағымы да «Хизб ат тахрир әл-Исламия» ның бир көриниси болып табылады. Хизбийшилер халифатты дуньялық көлемде қурмақшы болса, «акрамийлер» оны әўеле Андижан областында соңынан пүткил Ферғана оазисинде дүзбекши. Бул ағымның тийкарын салыўшы Акрам Юлдашев болып, ол 1963 жылы туўылған, «хизбишилердиң» жетекшиси Набаханий идеялары тийкарында «Иманға жол» деген шығарма жазған. Бул диний сиясий хәрекет өз искерлигин 5 басқышта әмелге асырыўда белгилеп, ақырғы «Аўдарыспақ» деп аталған басқышта конституциялық дүзимди аўдарып өзлериниң хәкимиятын орнатыўды мақсет етеди. Бул ағым ўәкиллери хәзирги дәўирде намаз, ораза, закат, хаж зыяраты, мусылман ушын фарз емес. Хәтте ўақтынша арақ ишиўге, темеки шегиўге болады деп есаплайды, басқада айырым шариат тәрепинен қадағаланған ислерди орынлаўға рухсат етеди, ислам уламалары

бунықдай тәртиплердиң болыўы мүмкин емеслигин анық дәлиллеп берген.

Диний экстремизм ҳәм терроризмниң алдын алыў ҳәм оған қарсы гүресте Өзбекстанның өзине тән орнын халықаралық сиясатшылыр ҳәм абройлы қәнийгелер де ашық айдын көрсетип бермекте. Қолланбада Өзбекстанның бул тараўдағы қатаң сиясаты, Орайлық Азияда қәўипсизлик ҳәм турақлылықты тәмийинлеўдеги орны ҳаққында да түрлише пикир жүритилген. Соның менен бирге, социаллық турақлылық ҳәм раўажланыўды тәмийинлеўде журтымызда әмелге асырылып атырған кең көлемли реформалар, дин тараўында илимийликке тийкарланған сиясаттың әҳмийети, пуқараларда фанатик идеяларға қарсы идеологиялық иммунитетти қәлиплестириўдиң әҳмийетли ўазыйпалары көрсетилип өтилген.

# Жуўмақлаў

Узақ ўақыт даўам еткен идеологиялық қуўдалаўларға қарамастан, Өзбекстан халқы әўладтан-әўладқа өтип келген тарийхый қәдриятлары ҳәм өзине тән дәстүрлерин сақлап қалыўға мияссар болды. Уллы ғәрезсизлик болса, олардың ҳәр тәреплеме раўажы ушын кең имканиятлар ашып берди.

Ең дәслеп, әсирлер даўамында улыўма миллий қәдрият дәрежесине көтерилген диний байрамлар – рамазан ҳәм қурбан ҳайытлары Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманлары (№ 193, 11.04.91 й.; № 221, 20.06.1991 й.) менен дем алыс күни деп жәрияланғанлығы ҳәм олар ғалаба рәўиште, еркин белгилене баслағанын атап өтиў зәрүр.

Жәмийетлик турмысты реформалаў ҳәм жаңалаў процессинде, мәнеўий қәдриятлардың қүдиретли қатламлары да ашылды. Бунда Өзбекстан Республикасы Президентиниң бул тараўға тийисли бир қатар Пәрман ҳәм қарарлары қабыл етилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды.

Ҳәзирги ўақытта ески мешит, мақбара ҳәм зиярат орынлары қайта исленип, жаңалары қурылды, диний билим тармақлары кеңейтирилип, сапасы жетилистирилгенлигин де айырықша атап өтиў зәрүр. Өзбекстан Республасы Президенти И.Каримов Пәрманына көре шөлкемлестирилген Ташкент ислам университетти көп тәреплеме тәлим бериўши, мәнеўий-мәрийпий ҳәм илимий орайға айланды. Бул жерде дүньялық ҳәм диний билимлерди ҳәмде шет тиллерин пухта өзлестирилген, мәрийпий исламды халық арасына үгитлей алатуғын қәнийгелерди таярлаўшы дизим қәлиплести, салыстырмалы динтаныў ҳәм исламтаныў тараўларында магистрлик, кандидатлық ҳәм докторлық излениўлер алып барылмақта.

Университетте мәмлекет ҳәм жәмийет шөлкемлериниң жуўапкер хызметкерлери динниң жәмийет турмысындағы орны ҳәм әҳмийети дин ниқабы астындағы экстремистлер наданлығына қарсы мәрийпий жуўап бериў көнликпелери бойынша билимлерин тереңлестириўи ушын турақлы қәнийгелигин жетилистириў курслары жолға қойылды.

Сол көз-қарастан қарағанда, халқымыз диний-мәнеўий қәдриятларымыздың ҳәзирги демократиялық жәмийет қәдриятлары менен бирлесиўи республикамыздың келешекте және де раўажланыўы, дүнья бирге ислесиў жәмийетшилигине қосылыўында зәрүр факторлардан бири есапланады.

# Пайдаланылған әдебиятлар

1. Узбекистон Республикасининг Конституцияси. Т., Узбекистон. 1992

2. Виждон эркинлиги ва диний ташкилотлар тугрисида Узбекистон Республикаси Конуни (янги тахрири) 1998 й 1 май. Т., Узбекистон, 1998

3. Ислам Каримов. Озбекстаннын озинин жаналаныу хэм рауажланыу жолы. Н., Каракалпакстан. 1993

4. И.Каримов. Узбекстон XXI аср бусагасида: хавфсизликка тахдид, баркарорлик шартлари ва тараккиет кафолатлари. Т., Узбекистон, 1995

5. И.Каримов Оллох калбимизда, юрагимизда. Т., Узбекистон, 1999